# Kuva Vadzidzi VeBhaibheri Kunokosha

Nhungamiro Yekukura muShoko raMwari

**<u>Zvidzidzo 1-2</u>**

***Asi kurai munyasha neparuzivo rwaIshe wedu neMuponesi Jesu Kristu. Kubwinya ngakuve kwaari zvino nokusingaperi. Ameni.***
2 Petro 3:18

*Yakadhindwa na:*
Cornerstone Bible Ministries
Mutare, Zimbabwe
+263 781 158 599
gospelforzim@gmail.com

# Nhanganyaya

***Jesu ndokuswedera akataura kwavari, achiti: Simba rose rakapiwa kwandiri kudenga nepanyika. Endai naizvozvo mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene: muchivadzidzisa kuchengeta zvose zvandakakurairai imwi; zvino tarirai, ndinemwi nguva dzose. , kusvikira pakuguma kwenyika. Ameni.*** Mateu 28:18-20

Zvidzidzo zvinotevera zvakagadzirirwa kubva kune zvimwe zvidzidzo zvakarongwa nekuparidzirwa pasi rose nemakereke mazhinji uye vanhu vakazvimirira. Tinopa kutenda kukuru kune vose vangava vakaita basa uye chikamu chekurongwa nekushandiswa kwezvidzidzo zvino. Kunyange zvazvo pasina chinhu chakanyanya kukosha pamusoro pezvidzidzo zvino, pane chimwe chinhu chakasimba kwazvo pamusoro pemashoko matsvene aMwari uye simba rake rinowanzoonekwa nenzira inoshandura hupenyu apo vatendi vanoungana pachokwadi cheShoko raMwari uye vachidzidzida zvirevo zvaro vachitungamiririrwa neMweya Mutsvene. Zvidzidzo zvino zvakarongwa nekutevedzana kwazvo uye kuti zvigone kubatsira mudzidzi kunzwisisia izvo tinotarisirwa kubatirira pazviri sevatendi. Zvidzidzo izvi zvinonyanyobatsira kana zvikadzidziswa neumwe mutendi kune umwe mutendi kana boka duku revamwe vatendi revamwe. Kana ndima dzakapihwa dzikatariswa nekuverengwa, donzvo rezvidzidzo zvino rinonyatsobudanpachena uye kuzvidudzira iro pacharo. Chidzidzo chimwe  nechimwe chinopenderwa nemibvunzo inobata misimboti yezvinenge zvadzidziswamo. Chimwezve chakakosha muchidzidzo chimwe nechimwe indima dzekuchengeta mumoyo dzinopihwa kumapeto kwechidzidzo chega chega. Kuchengeta ndima idzi mumoyo kunobatsira kuti uwane zvizhinji kubva muchidzidzo chega chega. Zvinofanirwa kurangarirwa kuti zvidzidzo zvaShe azvisingori mubatanidzwa wezvidzidzo asi kuti kuzvipira kuteverea Ishe Jesu Kristu uye kuti idanho rekukura apotinotungamiririrwa Naye muupenyu hwechiKristu. Kupedza zvidzidzo zvino hakuiti kuti munhu upi neupi zvake ave mudzidzi waShe, asi kuti mumagwaro akapihwa umu ndomune chokwadi chakakosha mukufambidzana naShe. Tinovimba kuti Ishe anogonakuzvishandisa kuva makomborero paunenge uchikura munyasha nemukuziva Ishe naMuponesi Jesu Kristu (2 Petro 3:18).

# Chidzidzo Chokutanga: Ruponeso, Chikamu 01

### Zvinorevei kuponeswa?

Sarudzo yakanyanya kukosha ingazoitwa nemunhu upi zvake isarudzo yekugamuchira Jesu Kristu pachake. Chidzidzo chino chinotsanangura kuti sei Jesu Kristu akauya kuzotiponesa uye nzira yeruponeso

**I. Munhu asati aponeswa anofanira kuziva kuti mutadzi.**

Jesu kati, ***Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi vauye mukutendeuka.*** Ruka 5:32

Tarisa vaRoma 3:10, 23, vaGaratiya 3:22

Mutemo waMwari unotipa ruzivo rwechivi (vaRoma 3:20, 7:7). Izvi zvinogona kuenzanisirwa nokuzvienzanisa neMirairo ineGumi (VaRoma 13:9, Eksodo 20:1-17).

Tinofanirwa kuponeswa kubva kuchivi kuti tizogare kudenga naMwari nokusingaperi.

Jesu akati: ***Nokuti Mwanakomana womunhu wakauya kuzotsvaka nokuponesa chakarashika.*** Ruka 19:10

**II. Mubairo wechivi rufu.**

***Nokuti mubairo wechivi ndirwo rufu…*** VaRoma 6:23
Rufu zvinoreva "Kuparadzaniswa "

- Chivi chaAdamu chakaunza rufu rwepanyama kumunhu wose (vaRoma 5:12).
- Chivi cheduwo chinounza kuparadzaniswa naMwari pamweya (vaEfeso 2:1).

- Nerimwe zuva zvivi zvedu zvichatiparadzanisa naMwari nokusingaperi tichienda mudziva remoto (tarisa Zvakazarurwa 20:14-15, 21:8).

**III. Hatikwanisi kuzviponesa.**

Dai taigona kuva vanhu vakanaka kuti tizviponese Jesu waisazofanirwa kufa. Tarisa VaGaratiya 2:21, 3:10, Jakobo 2:10, vaEfeso 2:8-9, Tito 3:5, VaRoma 4:4-8.

**IV. Jesu Kristu wakafira zvivi zvedu akamuka zvakare kuvakafa.**

***Nokuti pakutanga ndakakupai izvo ndakagamuchirawo kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa mumaMagwaro; uye kuti wakavigwa, akamutswa nezuva retatu sezvakanyorwa muMagwaro:***
1 Vakorinde 15:3-4

Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari asina chipomerwa wakatora nzvimbo yedu yerufu, nekutongwa kuti isu tiponeswe (ona 1 Petro 3:18, vaRoma 5:8, 2 vaKorinde 5:21.

**V. Mwari vanotitarisira kuti titendeuke togamuchira Jesu Kristu.**
***… vatendeukire kunaMwari, nekutenda kuna Ishe*** *.Mabasa* 20:21

Kutendeuka zvinoreva kushandura mufungo wedu totenderana naMwari pamusoro pechivi chedu uye kuti tinoponeswa sei. Tarisa Ruka 13:3 na 2 Petro 3:9. Kutendeuka kunechekuita nekudaira kwedu kune pfungwa nhatu dzataburitsa muchidzidzo chino (I-III kumusoro). Ona VaRoma 3:19-20.

Kutendeuka kunoteverwa nekutenda munaJesu Kristu (VaRoma 3:21-22). Kuva nekutenda munaJesu Kristu kana tariro panaJesu Kristu zvinoreva *kuvimba panaKristu* **Oga** (VaEfeso 1:13). Ndiyo nzira yatinogamuchira nayo Kristu saMuponesi.

*Asi vose vakamugamuchira wakavapa simba kuti vave vana vaMwari, ivavo vanotenda kuzita rake.* Johani 1:12

Ruponeso runouya nekutenda ***kwoga*** panaKristu ***oga.*** Ona vaRoma 3:28, 5:1, vaGaratiya 2:16, 3:24. (Batisisa: "Kururamiswa" zvinoreva kunzi hauchina mhosva )

***Kuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumwoyo, mako kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa ;Nokuti munhu unotenda nomwoyo ndokururuvamiswa, unopupura nomuromo ndokuponeswa. Nokuti Rugwaro runoti: Aninani unotenda kwaari haanganyadziswi. Nokuti muJuda nomu Giriki havasiyani, nokuti mumwe ndiye Ishe wavose, vakafuma kunavose vonadana kwaari. Nokuti aninani unodana kuzita raShe uchaponeswa*** VaRoma 10:9-13

# Mibvunzo yechidzidzo 01

1. Chii chatinofanirwa kuponeswa kubva kwachiri kuti tigova neupenyu usingapere naMwari kudenga?

2. Kuti “rufu" zvimborevei maringe neMagwaro? Nyora mhando nhatu dzendufu dziri muMagwaro.

3. Evangeri inopatsanurwa muna 1 Vakorinde 15:3-4; Nyora zvikamu zvitatu zve Evangeri.

4. Zvinorevei kuti kutendeuka?

5. Munhu wese mutadzi anogamuchira Kristu Jesu nenzira ipi??

6. Nyora zvinhu zvishoma pamusoro pechapupu chako (hupenyu hwako usati wagamuchira Kristu, uye kuti wakauya kugamuchira Ishe sei uye nokuti hupenyu hwako hwakashanduka sei mushure mekunge wagamuchira Kristu).

# Magwaro ekuchengeta mumoyo 01

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva. Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

***Nokuti mubairo wechivi ndirwo rufu; asi chipo chaMwari upenyu husingaperi uri munaKristu Jesu Ishe wedu .*** *v*aRoma 6:23

***Jesu akapindura akati kwaari, Zvirokwazvo, zvirokwazvo,ndinoti kwauri, Kana munhu asingaberekwi kutsva haangaoni hushe hwaMwari*** Johani 3:3

# Chidzidzo 02: Ruponeso Chikamu 02

## Chii chinoitika mushure mekunge ndaponeswa?

Kugamuchira Jesu Kristu soMuponesi wako kunoshandura hukama hwemunhu naMwari. Chidzidzo ichi chakagadzirwa kutsanangura kushanduka kunoita hukama hwedu naMwari patinobarwa kutsva.

### I. Ruponeso, kubarwa kutsva mumhuri yaMwari.

Chivi chedu chakatiita chikamu chemhuri isina kunaka. Ona VaEfeso 2:1-3, 5:6.

Asi pawakagamuchira Jesu Kristu wakabarwa kutsva. Ona Johani 1:12-13, 3:3-7, 3:14-16.

### II. Ikozvino Mwari vanenge vave Baba vako.

***Nokuti imi mose muri vana vaMwari nekutenda munaKristu Jesu*** VaGaratiya 3:26

Hukama uhu hunofananidzwa nehukama hwepanyika pakati pababa nemwana wavo.

- **A.** Baba vakanaka vanoda nekufunganya pamusoro pevana vavo (1 Petro 5:7).
- **B.** Baba vakanaka vanochengetedza mwana wavo (Mateo 18:6).
- **C.** Baba vakanaka vanopawo zvinokwanira kumwana wavo (VaFiripi 4:19).
- **D.** Baba vakanaka vanotungamira nokudzidzisa mwana wavo (Johani 14:26).
- **E.** Baba vakanaka vanobatsira vana vavo (Mapisarema 46:1).
- **F.** Baba vakanaka vanokurudzira vana vavo (VaKorose 3:21).
- **G.** Baba vakanaka vanoraira vana vavo (vaHeburu 12:5-11).

**H.** Baba vakanaka vanopa vana zvokudya (Mateo 4:4).
**I.** Baba vakanaka vanehurongwa nehupenyu wemwana wavo (Mateo 8:28-29).

Baba vedu varikudenga havaite kukanganisa pakushanda nesu sevana vake Tarisa Mateo 7:11.

**III. Ikozvino wave nehupenyu husingaperi.**

Kubarwa kwedu kwekutanga kwakatipa hupenyu hwepanyama hunopera nerimwe zuva. Kubarwa patsva kunotipa hupenyu husingaperi hwemweya

Hupenyu husingaperi haisingori vimbiso yekumberi asi chinhu chatinowana ikozvino tichirarama.
Tarisa Johani 3:36, 5:24, 6:47, VaRoma 6:23, and 1 Johani 5:12.

**IV. Ikozvino wave neMweya Mutsvene mukati mauri.**

***Mweya Mutsvene anopupurirana nomweya wedu kuti tiri vana vaMwari*** VaRoma 8:16

Mweya Mutsvene anorarama matiri anotipa simba kuti tive saKristu Jesu. Tichaita chidzidzo kumberi cheMweya Mutsvene.

**V. Mibvunzo Inowanzowanikwa.**

**A. Ikozvino zvandaponeswa ndichatadziraMwari here?**

***Vana vangu vaduku izvi ndinokunyorerai kuti murege kutadza. Kana munhu achingeatadza, tinomurevereri kunaBaba, iye Jesu Kristu wakarurama*** 1 Johan 2:1

Nokuti Mwari wakatisunungura kubva kuchivi (VaRoma 6:22), hatifanirwi kuita chivi. Asiwo zvakadaro tine muviri wechivi kana "munhu wekare" anokwanisa kutitungamirira kuchivi

Tarisa vaEfeso 4:22-24 neva Garatia 5:16-17.

**B. Chivi chinokanganisa seiko hukama hwangu naMwari Baba vedu?**

Chivi hachishandure *hukama* hwedu naBaba vedu vekudenga (Vanenge vachiri baba vedu nokubarwa kwawakaitwa paMweya). Asiwo chivi chinokanganisa *kuyanana k*wedu naBaba vedu varikudenga (unorasikirwa nemukana wekuwadzana naye). Tarisa 1 Johani 1.

**C. Ndinofanirwa kudii kana ndichinge ndatadza ?**

Reurura zvivi zvako kunaMwari. Tarisa 1 Johani 1:9, Zvirevo 28:13.
Siya chivi wokumbiraMwari akupe ruvengo kwachiri. Tarisa 2 Vakorinde 10:3-6, Mapisarema 119:104.

# Mibvunzo yechidzidzo 02

**1.** Kubarwa nemvura kuna  Johani 3:5 kunorevei (tichitarira Johani 3:6)?

**2.** Nyora zvinhu zvitatu Mwari zvaanotiitira saBaba vedu.

**3.** Munhu anogamuchira hupenyu husingaperi panguva ipi ?.

**4.** Unofanirwa kudini kana ukatadziraMwari wakaponeswa ?

# Magwaro ekuchengeta mumoyo 02

Shanda nesimba vhiki rino uchizvipa nguva yekuedza kuchengeta magwaro anotevera nemoyo. Zvinogona kubatsira kushandisa kabepa kakanyorwa magwaro iwawo uchimatarisa nguva nenguva. Funganya pamusoro pemagwaro iwawo paunenge uchiedza kumabata nemusoro.

***Jesu akamupindura akati kwaari, Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwauri :kana asingaberekwi kutsva haangaoni hushe hwaMwari.*** Johani 3:3

***Kana tichireurura zvivi zvedu, iye wakatendeka wakarurama nokudaro kuti anotikanganwira zvivi zvedu, nokutinatsa pakusarurama kwose.*** 1 Johani 1:9